



Pou Piblikasyon Imedya: 19/05/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE LANSMAN INISYATIV KONSÈY DEVLOPMAN
EKONOMIK REJYONAL 2025 LA**

***Nouvo konkou ACHIEVE la pral bay 150 milyon dola pou sipòte inisyativ
transfòmasyon rejyonal ki gen gwo enpak***

***Gouvènè Hochul nonmen nouvo prezidan nan Konsèy Devlopman Ekonomik
Rejyonal yo***

***Aplikasyon finansman konsolide Eta Nouyòk la ouvri kounye a jiska 31 jiyè avèk
finansman disponib ki soti nan plis pase 20 pwogram***

Gid Inisyativ REDC 2025 la disponib [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul anonse jodi a lansman Inisyativ Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Council, REDC) 2025 la. Depi 2011, REDC a te fondasyon yon apwòch devlopman ekonomik asandan ki pèmèt 10 Konsèy Rejyonal Eta a sipòte pwojè ki fè avanse priyorite estratejik rejyonal ak nan tout eta a. Sa ki nouvo an 2025 se konkou Avanse Kolaborasyon pou Inisyativ ki gen Gwo Enpak pou Vizyon & Ekspansyon Ekonomik (Advancing Collaboration for High-impact Initiatives for Economic Visions & Expansion, ACHIEVE) — Gouvènè a ki vo 150 milyon dola — ki vize bay REDC yo mwayen pou yo avanse pwojè devlopman ekonomik katalizè ki apiye pa finansman aplikasyon amelyore pou relanse kwasans rejyonal la. Anplis de sa, Gouvènè a te anonse jodi a nominasyon Sekretè Deta Nouyòk la, Walter T. Mosley, kòm Prezidan Inisyativ REDC la.

"Travay devwe Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal yo, ki konsantre sou ankouraje patenarya piblik-prive, te gen yon enpak ki pote transfòmasyon atravè Eta Nouyòk la", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Plan ki fèt nan nivo rejyonal yo pral sipòte objektif nouvo konkou ACHIEVE la, pou kreye opòtinite investisman ki pral ede bati yon avni ki pi dirab epi ki gen plis siksè pou tout Nouyòkè yo."

Sekretè Deta Nouyòk la, Walter T. Mosley, te deklare, "Pandan ane ki sot pase a, pandan m t ap vwayaje atravè gwo eta sa a, mwen te wè dirèkteman bon travay Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal yo epi mwen onore pou m ede dirije gwoup moun sa yo

ki gen konesans ak devwe. Rasanble biznis ak inivèsite pou kolabore se yon modèl siksè. Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou sipò kontinyèl li."

Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development Ian, Hope Knight, te deklare, "Konsèy Rejyonal yo enpòtan anpil pou avanse priyorite ekonomik eta a – sitou lokalman, kote yo souvan kreye pi gwo efè pozitif sou Nouyòkè òdinè yo. Seri finansman milti-ajans ane sa a, ki gen ladan nouvo inisyativ inovan ACHIEVE Gouvènè Hochul la, pral konsantre sou investisman estratejik pou pwojè ki gen gwo enpak ki jenere kwasans transfòmasyonèl nan kominote yo nan tout Eta Nouyòk."

Konkou ACHIEVE la

Konkou ACHIEVE la ap envite chak REDC pou prezante yon inisyativ rejyonal transfòmasyonèl, epi pwopozisyon ki pi solid yo ap resevwa jiska 50 milyon dola nan finansman aplikasyon pou fè avanse pwojè prensipal yo. REDC yo kapab chwazi tou pou yo asosye sou yon pwopozisyon milti-rejyonal konjwen pou jiska 75 milyon dola finansman. Rejyon yo pral kolabore ak moun ki gen enterè lokal yo pou devlope yon plan aksyon ki gen ladan pwojè ki gen gwo enpak, ki pare pou kòmanse, ak patenarya rejyonal pou gide aplikasyon an. Yo pral prezante soumisyon ACHIEVE yo bay yon Ekip Evalyasyon Aplikasyon Estratejik ki gen ladan manm Kabinè Gouvènè a, k ap idantifye rejyon gayan yo pou 2025 la.

Fon Kapital Konsèy Rejyonal la

Jiska 60 milyon dola nan Fon Kapital Konsèy Rejyonal yo pral disponib nan Aplikasyon pou Finansman Konsolide (Consolidated Funding Application, CFA) 2025 la pou fasilite pwojè ki fè avanse plan estratejik chak rejyon ak priyorite eta yo. 60 milyon dola ki disponib la gen ladan l jiska 8 milyon dola nan finansman kapital pou pwojè ki gen rapò ak touris, ke yo te deja ofri atravè pwogram Sibvansyon Kapital Market New Yor la, ki gen entansyon sipòte investisman kapital ki pral ranfòse inisyativ touris Eta a.

Aplikasyon pou Finansman Konsolide

Pòtal CFA a ouvri kounye a pou pwogram 2025 yo [isit la](#). Pou pwogram ki sijè a dat limit la, aplikasyon yo dwe soumèt anvan jedi 31 jiyè a 4è nan p.m. Pwogram enskripsyon ouvè yo pa sijè a dat limit 31 jiyè a epi y ap kontinye aksepte aplikasyon sou yon baz kontinyèl jiskaske lajan an fini. Gid REDC 2025 la, Resous ki disponib pou 2025 yo, ak lòt dokiman enpòtan yo disponib [isit la](#).

Konsèy Rejyonal yo pral bay pwojè yo soumèt atravè Aplikasyon pou Finansman Konsolide (CFA) nòt, ki se aplikasyon senplifye Eta a pou resous Eta a yo epi ki gen ladan pwogram plizyè ajans. Ane sa a, CFA a gen ladan l sibvansyon ak kredi taks ki disponib atravè plis pase 20 pwogram ke uit ajans ak otorite Eta yo administre. Konsèy Rejyonal yo pral revize pwojè yo epi yo bay nòt ki reflekte nan ki jan yon pwojè ka an akò ak objektif ak estrateji yon rejyon.

Atelye CFA yo pral fèt toupatou nan Eta a pou aplikan yo ka patisipe epi aprann sou pwogram yo ofri atravè inisyativ REDC La ak lòt pwogram Eta a yo. W ap jwenn yon orè konplè atelye yo [isit la](#).

Pwosesis REDC la kontinye sipòte ak otorize moun ki gen enterè rejyonal yo nan devlope plan estratejik ak priyorite finansman yo ki satisfè bezwen ekonomik lokal yo. Jiska prezan, atravè Inisyativ REDC a, yo te bay plis pase 8 milya dola a plis pase 10,000 pwojè kreyasyon travay ak devlopman kominotè ki konfòm avèk plan estratejik chak rejyon.

Pwosesis Planifikasyon Estratejik Rejyonal la

10 REDC yo gide pa plan devlopman ekonomik rejyonal estratejik pa yo, ki mete aksan sou avantaj inik chak rejyon epi ki bay estrateji pou pwofite resous lokal yo pou estimile kwasans rejyonal ak kreye travay nan tout Eta a. An 2025, chak Konsèy Rejyonal pral gen responsablite pou kreye yon rapò anyèl ki mete aksan sou eta rejyon respektif pa yo, ki rezime kijan y ap aplike plan estratejik konsèy la, epi ki prezante pwopozisyon inisyativ ACHIEVE pa yo.

Konsènan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal yo

Inisyativ Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal se yon eleman enpòtan nan apwòch Eta a sou investisman ak devlopman ekonomik Eta a. An 2011, 10 Konsèy Rejyonal te kreye pou devlope plan estratejik alontèm pou favorize kwasans ekonomik pou rejyon yo. Konsèy yo se patenarya piblik-prive ki fòme avèk ekspè lokal ak pati prenan nan biznis, inivèsite, gouvènman lokal ak òganizasyon nongouvènmantal yo. Konsèy Rejyonal yo te redefini fason Nouyòk investi nan travay ak kwasans ekonomik lè yo mete an plas yon apwòch kominotè, asandant epi etabli yon pwosesis konpetitif pou resous Eta a. W ap jwenn plis enfòmasyon nan [regionalcouncils.ny.gov](https://www.regionalcouncils.ny.gov).

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)